

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisi bab IV di luhur, bisa dicindekkeun yén tina 38 karangan siswa kelompok ékspérimén jeung 38 karangan siswa kelompok kontrol anu diajén dumasar kana aspék-aspékna anu ngawengku éjahan (nuliskeun huruf, kecap, jeung ngalarapkeun tanda baca), paragraf (cara mekarkeun paragraf), eusi (cara mekarkeun idé, lingkup eusi, jeung kualitas eusi), jeung karapihan tulisan, tétéla ngalaman parobahan anu positif boh antara pratés-pascaté ékspérimén boh antara pratés-pascaté kontrol.

Dina hasil uji normalitas kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, kalawan  $dk = 5$  sarta tingkat kapercayaan 95%  $t_{itung} < t_{tabel}$ , masing-masing nya éta kelompok ékspérimén  $4,3 < 11,7$ , sedengkeun kelompok kontrol nya éta  $7,82 < 11,7$ , hartina distribusi ieu dua kelompok téh normal.

Dina hasil uji homogénitas kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol, kalawan  $db = 99\%$   $F_{itung} < F_{tabel}$ , masing-masing nya éta kelompok ékspérimén  $0,77 < 2,17$ , sedengkeun kelompok kontrol  $0,80 < 2,17$ , hartina distribusi varian téh homogén

Hasil itungan rata-rata pratés kelompok ékspérimén nuduhkeun angka 11,1 atawa 11,1 %, sedengkeun pascaté nuduhkeuna angka 13,44 atawa 13,44 %. Hal ieu

nétélakeun yén pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun modél *Picture and Picture* téh mangaruhan kana hasil diajar siswa.

Nilik kana hasil uji hipotésis kalawan  $db = 37$  dina taraf kapercayaan 95 %,  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $4,03 > 2,02$ ). Hal ieu bisa dicindekkeun yén aya béda nu signifikan antara pratés jeung pasca tés kelompok ékspérimén.

Hasil itungan rata-rata pratés kelompok kontrol nuduhkeun angka 8,97 atawa 8,97 %, sedengkeun pascaté nuduhkeuna 11,5 angka atawa 11,5%. Hal ieu nétélakeun yén pangajaran nulis karangan éksposisi ngagunakeun métode latihan mangaruhan kana hasil diajar siswa.

Nilik kana hasil uji hipotésis kalawan  $db = 37$  dina taraf kapercayaan 95 %,  $t_{itung} > t_{tabel}$  ( $3,61 > 2,02$ ). Hal ieu bisa dicindekkeun yén aya béda nu signifikan antara pratés jeung pasca tés kelompok kontrol.

Dumasar kana uji rata-rata data gain, kamampuh ngarang siswa rata-rata ngaronjat, hasil uji gain kelompok ékspérimén nya éta 45,5 atawa rata-ratana 1,19. Sedengkeun kamampuh ngarang siswa kelompok kontrol ogé rata-rata ngaronjat nya éta 44 atawa rata-ratana 1,2. Tapi kelompok ékspérimén mah ngaronjatna leuwih gedé tibatan kelompok kontrol.

Dumasar kana hasil uji rata-rata (uji  $t$ ), pratés jeung pascaté kelompok ékspérimén nuduhkeun hasil anu signifikan. Hal ieu katitén tina hasil  $t_{itung} > t_{tabel}$ , nya éta  $4,03 > 2,02$  kalawan  $db = 37$  dina taraf kapercayaan 95%. Hartina aya béda

nu signifikan antara kamampuh nulis karangan éksposisi pratés kelompok éskpérimén jeung kelompok kontrol.

Tina pedaran di luhur bisa dicindekkeun yén sabada dilaksanakeun modél pangajaran *Picture and Picture* kamampuh nulis karangan éksposisi téh ngaronjat tibatan saméméh dilaksanakeun modél pangajaran. Jadi, modél pangajaran *Picture and Picture* téh tétéla éféktif dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

Ku kituna, hipotésis ieu panalungtikan téh ( $H_a$ ) ditarima, hipotésis ( $H_0$ ) nol ditolak.

## 5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu baris ditepikeun di antarana saperti ieu di handap.

### **Pikeun para guru basa Sunda:**

1. Ditingkatkeun deui rasa minat siswa kana pangajaran nulis, hususna nulis karangan éksposisi.
2. Dina milih modél pangajaran, guru kudu bisa milih modél pangajaran anu cocog atawa luyu jeung bahan/materi pangajaran sarta anu bisa ngahudang antusias siswa kana éta matéri sangkan siswa bisa ngembangkeun idé, daya imajinasi jeung kréatifitas dina mikir.

### **Pikeun Siswa**

1. Siswa kudu dibiasakeun jeung parigel nulis dina basa Sunda.
2. Siswa ulah ngarasa géngsi nulis ngagunakeun basa Sunda.

**Pikeun panalungtik**

Dipiharep aya panalungtikan anu leuwih jembar ngeunaan modél pangajaran *Picture and Picture*, nepika bisa ngeuyeuban ku hal-hal anu anyar pikeun ningkatkeun kamapuh nulis karangan éksposisi kahareupna.

